ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№79 (21.737) ● 2010 гъэм накъыгъэм (майм) и 5, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий бгъэдэтщ Налшык къалэм и лIыкIуэхэр - Хьэгъэс Залымджэрий, Полищук Иван.

Москва, 2010 гъэ, накъыгъэм и 4.

Iуэхугъуэ гукъинэжитI зэдагъэлъапIэ ● Дыгъуасэ

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщI Къанокъуэ Арсен зи пашэ ди республикэм и лIыкIуэхэм гуфIэгъуэ щыгъыкIэм ягу дыгъуасэ къаригъажащ «ЗауэлI щIыхьым и къалэ» цIэ лъапIэр Налшык къызэрыфIащамрэ.

ЦIэ ЛъапIэр щIэзыгъэбыдэ дэфтэрыр дыгъуэпшыхь Налшык къэсащ. Иджы накъыгъэм и 9-м къалэм щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ Iуэхугъуэ гукъинэжитI зэуэ ягъэлъапIэнущ: Хэку зауэшхуэм къыщытхъа ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъумрэ Налшык «ЗауэлI щIыхьым и къалэ» зыбгъэрыфIащамрэ.

Къанокъуэ Арсен щIыгъуу дыгъуасэрей гуфIэгъуэм хэтащ Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Хьэгъэс Залымджэрий,** щIыпIэ самоуправленэм и советым и унафэщI **Муравьев Игорь,** ветеранхэм я къалэ зэгъэхьэныгъэм и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа,** Хэку зауэшхуэм и ветеран **Полищук Иван** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.

Дэтхэнэ зыми хуэгъэзауэ

Мэлыжьыхьым и 30-м КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен иригъэжкIуэкIащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъур гъэльапIэнымкIэ зыгъэхьэзыр комитетым и зэIущIэ.

ЩЭНХАБЗЭМКIЭ министр Фырэ Руслан тепсэльыхьащ абы теухуауэ ирагъэжкIуэкI лэжьыгъэм. Хэку зауэшхуэм теухуа пщыхьэщхьэхэр, хэку лъагъуныгъэм теухуа уэрэдхэм я концертхэр, литературэ зэIущIэхэр ирагъэжкIуэкIыну я мурадщ. Накъыгъэм и 4 - 7-хэм Налшык и хьэщIэнущ УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и гъусэу ягъэхьэзыра «Кавказымрэ дунеймрэ» кинофестивалыр. Абы хэтынущ Урысейм и еджапIэ нэхьыщхьэхэм я ректорхэр, къэрал фильмофондым, нэгъуэщI Iуэхущапlэхэм я унафэщIхэр. Iэщэкlэ ЗэщIэузэда Къарухэм я музейуэ Москва дэтым накъыгъэм и 8-м выставкэ кIыщыгъэIуэхынущ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министр Тюбеев Альберт кIыхьигъэщхьэкIащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм, ныкIуэдыкIуэ хэхъухьахэм, хэкIуэдахэм я фызабэхэм псэупIэ сертификатхэр етыным и Iуэхум зэрыпащэр. Урысейм щIыналъхэм зегъэужьыныкIэ и министерствэм я сертификатхэр псэупIэхэр мы зэманым зэрыщащэ уасэм ГъунэгъуI хуищащ, гъатхэпэм кIыщта унафэмкIэ.

Узыншагъэр хьумэныкIэ министр Бицу Вадим жиIащ зауэм хэта псоми дохутырхэр зэрыкIэлыплIыр. Iэтэхэнэми и узыншагъэр зыхуэдэр зрагъэщIащ, абы хуэныкъуэ псори сымаджэщхэм щIагъэгъуэльхьащ. Абыхэм мы зэманым йолэжь. Адэкlэ къулыкъущIэр тепсэльыхьащ накьыгъэм и 8 - 9-хэм медицинэ лэжьакIуэхэм мы Iуэхум ехьэлIауэ зэфIагъэкIыныгъэм.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ Томчак Юрий къагуригъэIуащ гуфIэгъуэ махуэхэм жылагъуэм и шынагъэншагъэр кьыз эгъэпэщыным къаруушуэ зэрырахьэлIэнур. Абы кьыхигъэщхьэкIащ щыкIуэ куэд щыIэхьхьэ щIыпIэхэм сакъынигъэр зэрэщагъэльэшынур.

Къэпсэльэн хуейхэм едэIуэ иужь, Къанокъуэ Арсен кьызэхуэсахэм къэблэгъа гуфIэгъуэхэмкIэ ехьуэхуащ икIи жиIащ ахэр Iэтауэ гъэльапIэн зэрыхуейр.

ГУРТУЕВ Расул.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен кьыбгъэдэтщ Федерацэмкlэ Советым и лIыкIуэхэр - Максютэ Николай, Мотяковэ Ольгэ, Крийчук Степан, Къэжэр Альберт сымэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

КЪАНОКЪУЭ Арсен: Республикэм зричыну зегъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен IущIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и лIыкIуэхэу Налшык гъэжьигъэ Iуэхуэкlэ къэзгъуэхэм.

ФЕДЕРАЦЭМКIЭ Советым ЩIыпIэ самоуправленэм зегъэужьынымкIэ и комитетым и унафэщI **Крийчук Степан** жиIащ республикэм и дахагъэр, Налшык и къабзагъэмрэ ар екIуу зэрыхэрахьэмрэ тельыдджэ зэрыщыкьуар. Абы апхуэдэу кьыхигъэщхьэхуэкIащ республикэм и депутатхэр я лэжьыгъэм фIыуэ пэльэщу кьызэрилъытэр - сенаторхэр ипэIуэкIэ Парламентым и депутатхэм яIущIат. «Нэрылъагъущ абыхэм Iуэху псоми зэрыхащыкIыр, гудзакъэ зэраIэр, щыхухэр зыгъэпIейтейхэм унафэ тэмэм тращIыхьыну зэрыхуейр. Нэхъыщхьэраци, фи Парламентым хэтщ политикэ парт псоми я нэхъ лъэщхэм я лIыкIуэхэр».

ЗэIущIэм апхуэдэу кьыщаIэтащ щIыпIэ самоуправленэм епха Iуэхухэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щы Iуэхуэр зэрыщыгъэува щIыкIэр, щIыналъэм ельытауэ щхьэхуэу хэтынкIэ хъунур 131-нэ федеральнэ законым кьызэримылъытэр.

«ГурыIуэгъуэщ къэралым щIыр фейдэ къыпыкIыу зэрыхуэмыхьэнур. АрицхьэкIэ, ди щIыр зэрымащIэм кьыхэкIыу, ди дежкIэ нэхъыщхьэр ар дгуэшын кьудейкьым, - кьыхигъэщхьэхуэкIащ республикэм и Унафэщым. - Ар Iэрыгъэхьэн хуейщ абы мылъку тезыгъэкIуэдэну икIи псори зэпэзыльыстыну, гуащIэ ирихьэлIэу телъжьыхьыфыну цIыхум. ЩIыр фейдэ нэхъыбэ кьыппахыу зэрахьэныр кьызэрыздгъэпэщыну щыкIэр иджыри гурыIуэгъуэкьым. Дэ акцэхэм я нэхъыбэр къэралым щыIэщIэлъ акционер зегъэужьныгъэ щыдгъэунэхуну ди мурадщ куейхэм ящыщ зым. Республикэм я зегъэужьныгъэр иджырей мэкъумэш Iэмэпсымэхэмкlэ зэщIиуэздэнущ. Хэхъуэ кьыIэрыхьэн зэрыщIидзэу, къэралыр зэгъэхьэныгъэм кьыхэмыжу езым и акцэхэр кьуажэм щыпсэухэм ярит хьунущ.

Федерацэмкlэ Советым ЩIыпIэ самоуправленэм пыщIа Iуэхуэхмкlэ и комитетым хэт **Максютэ Николай** а гупсысэр диныгащ: «Фыщ фэ псори панхэмкlэ зэрывмыгъэшыжар. Иджы кьыкъуокI мэкъумэш Iэнатlэм хуабжу пэжыжьэ хъэрычэтыщIэхэр. Абыхэм щIыр ящхэчущ икIи трагъэкIуэдар псыщIэу зыIэрагъэхьэжьным здыхущIэкъум, щIыр Iисраф ящIынущ.

Крийчук Степан кьыхигъэщхьэхуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрызыжьынум щэч лъэпкъ кьызэрытримыхьэр. «Сэ сльэгъуамрэ кьэсщIамрэ фIэщхьэныгъэ кьыслэхьэкIащ фэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми, зыужьныгъэ кьыфIэпэлъэу. Сыхуейщ екъулIэныгъэщIэхэр фIэныу, - жиIащ абы.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпIэзэрыту зеужь - абы и бюджетым хохьэу, дотацэу кьыхуауэ Iыпщым хощI. IуэхущапlэщIэхэр кьыщызэIуах. Ауэ дэ псынщIэу ягъэкIэ зитчын хуейщ икIи мы зэманым абы зыхудогъэхьэзыр», - жиIащ Къанокъуэ Арсен.

ЗэIущIэм хэтащ Федерацэмкlэ Советым и ЩIыпIэ самоуправленэм пыщIа Iуэхуэхмкlэ и комитетым и аппаратым и унафэщI **Мотяковэ Ольгэ,** КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Жамборэ Владимир,** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и цIэкIэ сенатым хэт **Къэжэр Альберт,** КъБР-м и Парламентым и спикерым и япэ кьуэдзэ **Жаным Руслан.**

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэ.

Мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ къыхураджэ

Къэралым щагъэлъапIащ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр. Адрей щIыналъхэми хуэдэу, абы теухуа Iуэхугъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ куейхэмрэ щекIуэкIащ.

ПЩЭДДЖЫжь дыгъэпсым жьы щIыIэр гъуэ хуэхъуами, лэжьакIуэхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэшхуэр зыгъэльапIэну зэхуэсахэр гукъыдэжьымрэ дэрэжэгъуэмрэ зэщIиIэтэрт.

Хабзэ зэрыхъуауэ, пщэдджьыжьм сыхьэти 10-м Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и утым кьыщежьэри, аэрэ Налшык и уэрам нэхьыщхьэм, Лениным и проспектым, иригъуащ. Зэманым жьы дэмыкъу маршэхэр зыIутыIу гуш-вой оркестрым нэхьри гушхуэныгъэ кьахилъхьэрт махуэ щIэращIэм и зэхэуфIакIуэхэм, абы кьырихьэлIа интеллигенцэм, кьэрал, жьылагъуэ, партэзгъуэзэныгъэхэм я IыкIуэхэм, кьэрыЧэтыщIэхэмрэ ветеранхэмрэ, я псоми я гукъыдэжьр кьэзыIэт щIалэзгъуалэм.

Зэгурыуэныгъэм и Утым деж гуфIэгъуэм хэтхэм, гъусэ кьащIыхуэхьуащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен** Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар** ,Правительствэм и УнафэщI **Меркулов Александр,** депутатхэр, министрхэр, кьулыкъущIэхэр.

Абхъазым и утым псори щызэхьэхьэри, гуфIэгъуэ пэкIум щIидзащ. КъБР-м и Профсоюзхэм я Федерацэм и унафэщI **Тау Пщыкьан** ар кьызэIуихри, кьызэхуэсахэм махуэшхуэмкlэ ехьуэхьуащ.

- Накьыгъэм и 1-р гуащIэрыпсэухэм я зэкъыплъэгъуныгъэм и махуэ кьудейкьым. Ар лэжьакIуэ щIыхьм и махуэщ икIи абы и пщIэр тхьумэнущ. Профсоюзхэр зи щIхьэщIжакIуэ щIыхубэм, лэжьакIуэхэм кризис гуГуэехьэр кьатемыкьэлъэн гапIащIэ, Iуэхугъуэ пыуухьакIаэр зэфIэтхащ, адэкIи тхуэзэфIэкI псори длэжьынущ. Профсоюзхэм я хуитыныгъэхэр ягъэнэIуэну Iэмал яIэщ. Ди псэукIэр егъэфIэкIуэным, щIыхухэр зэкъуэгъэувэным тепхуауэ республикэм и Президентым кьыхилъхьэжри дыдоIыгъ, - жиIащ Тау Пщыкьан.

АдэкIэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, тылым щылэжьакъэм ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ ехьуэхьэри, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен псалъэ иритащ.

- Парламентымрэ Правительствэмрэ, сэ кьызбгъэдэкIыу пэмIуэ кьызэхуэсахэм, зэрыщыгу республикэм и щIыхухэм нобэрей махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу. Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм сыт щыгъуи гугъэфIэхэр ирапхыу кьоКIуэкI. Ар Мамырыгъэмрэ Зэакьылгъэныгъэмрэ я дамыгъэщ. 2009 гъэм республикэм, зэрыщыту къэралым кьыльыкIуэкIа гугъуеехьэм псори дыщыгъуазэщ. Ауэ дэ я псори кьызэрызэдгъэкIыным яужь дитщ, ехьулIэныгъэхэри щыIэщ. ЯпэкIэ кIуэтэныр, демократие къэралыгъуэ зэфIэгъэувэныр нэхьыщхьэщ. Нэгъабэ я кьрикIуахэм тепщIыхь-мэ, валовэ продуктыр сом мелард 64,4-м хуэкIуащ, ар процент 2,5-кIэ и пэ ита ильэсым нэхьрэ нэхьыбэщ. Мэкъумэш продукцэу къалэжьми хэхьуащ. Налшык - текстиль, Бахъсэн уназыащIэ фабрикэхэр, Шэджэм фэм щелэжь Iэнатlэ кьыщызэIутхащ, иджыри Iуэхущапlэ зыбжанэ и кIэм нагъэсынущ. Республикэм и бюджетми хэхьуащ. Дэ зэащIдогъакIуэ хьэрычэтыщIэ Iуэху курытымрэ мыинымрэ зауэжьыным. Псом нэхьрэ нэхьыщхьэрщи, лэжьапlэншэхэр нэхь мащIэ хьуащ. Пэжщ, курыт лэжьапщIэмкIэ дэ Урысейм дыкьакIэроху, ди щIыхуэхэм ящыщ куэдыр нэгъуэщI щIыпIэхэм лэжьакIуэ зэрыкIуэми дегъэпIейтей. Абы и льэныкьуэкIэ щытыкIэр егъэжьащ, Iуэхуэм папщIэ тхуэзэфIэкI псори длэжьынущ. Егъэджэныгъэ Iэнатlэми зиужь зэпытщ, гуапэ тщIыхьэхэм ящыщ сабийуэ кьытхэхьуэр нэхьыбэ, тхэщIэхэр нэхь мащIэ зэрыхьуар. А псори япэкIэ дыдэзэрыкIуатэм и япэ екьулIэныгъэщ. Щэч кьытетхьэркъым къэкIуэну гъунэгъум республикэм нэхьри зэрызэгужьыным, ар дызыпэлъэщыну кьаIэну зэрыщытым. УФ-м и Правительствэм и вице-премьер, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Iщхьэрэ Федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIащ икIи ди екьулIэныгъэхэм, зыужьныгъэм гулыитэ хэха хуищащ, - зэхуигъэзащ кьызэхуэсахэм Президентым.

- Мы мазэм махуэшхуэ зыбжанэ хеубыдэ. Накьыгъэм и 4-м ди кьалащхьэм и администрацэм и тхьэмадэр Мэзкуу ирагъэблагъэ, сэри абы срикьэлIэнущ. Кремлым абы кьыщратынущ Налшык кьыфIаща «Зауэлl щIыхьым и къалэ» цIэр льапIэм и дамыгъэр. ИкIи Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм псоми Урысейм и Президент Медведев Дмитрий, унафэщIхэм апхуэдэ пщIэ льагъэм папщIэ фIыщIэ хуэтщIэ, - си гуапэщ. А гурыгъэр Хэку зауэшхуэм хэту ди ветеранхэм я дежкIэ щIыхьщ, мамырыгъэм зи гъащIэр хэзылъхьахэм я фэеплъщ. Махуэ зыбжанэ дэкIмэ, ТекIуэныгъэ Иныр дгъэлъапIэнущ. Кьыгъэтхьыж ветеранхэм дегуэпэну, дехьуэхьуну, хэкIуэдахэр дигу кьэдгъэкIыжьыну дэтхэнэми ди кьалэнщ. Ди республикэм щопсэу щIэныгъэрэ акьылрэ зыбгъэдэль, хэкуэпсэ щIыхуэхэр. ИкIи псори дызэкьуэтмэ, ищхьэкIэ кьыщыдгъэльэгъуа мурадыфIэр зэрызэдгъэхьулIэфынур си фIэщ мэхьу, - пищащ Къанокъуэ Арсен.

Апхуэдэу пэкIум кьыщыпсэльащ Кулиев Кьайсин и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и актер пашэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Бырлиев Зарий.** Налшык къалэ дэт гимназие №1-м и егъэджакIуэ **Усенко Евгение**, къалащхьэм и сымаджэщ №1-м и профкомым и унафэщI **Бык Раисэ** сымэ.

ПэкIум хэта республикэ профсоюзхэм я резолюцэм и проектым кьеджащ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI **Карныш Сергей** икIи кьызэхуэсахэм зэдэарэзыуэ ар кьащтащ.

Махуэшхуэ зэхьихьэр концерткIэ ихуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Май пэкIу

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къэралым щагъэлъапIащ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэр. Адрей щIыналъхэми хуэдэу, абы теухуа Iуэхугъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ куейхэмрэ щекIуэкIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен 2010 гъэм накьыгъэм и 1-м Налшык щыгъэжапIэм къыщыхъуам теухуауэ ЖИIАР

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхуэху щIэ зыхуащIхэ!

Террорист бандэ щэхурылажьэхэм нобэ аргуэру щIэпхьаджагъэ хьэлъэ ялэжьащ. Республикэ щыпсэжапIэм зэпеуэри щекIуэкI зэманым еплъэр зэрыс трибунэхэм ящыщ зым лагъым кьыщагъэуащ. Террор Iуэхугъуэм щIыу 21-м фэбжь хахащ. Псори псынщIэу Налшык къалэм и сымаджэщхэм нагъэсащ, зыхуей медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэт. Хуабжьу ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм ящыщ зыр - илъэсищрэ плIырэ зи ныбжь Хэку зауэшхуэм и ветераныр - кьахуегъэлакьым. Абы и псэр сымаджэщым щыхэкIащ. А дрейхэм я гъащIэм щынагъуэ пылькъым.

Республикэм и Парламентым, Правительствэм я щIэкIэ, сэ кьызбгъэдэкIыу хэкIуэдам и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ сахуощыгъуэ, лей зыльыгасхэмрэ я унагъуэзэмрэ сахуогузавэ икIи дызоIыгъ.

Нэхъапэкlэ террористхэм ялэжьа къэкIэкхъуэкIагъэхэми хуэдэу, мыри кьызэрыгтыпытэр нэмыукIытагъэ хэлъу жылагъуэм зыпэщIасаущ, я лъэпкым зауэ нэрымылъагъу иращIылIауэщ. Сыт хуэдэ гупсысэр кьыхуеджэныгъэкIэ зыщIамыуфэми, щIыху сэфэтым ихIахэм ар зэи щIыхьэтлыкъ яхуэхъунукъым, зымащIэкIи кьахуэгъэнукъым.

Нобэрей щытыкIэм дэтхэнэ зыми, псом япэу властымрэ хабзэхьумэхэмрэ я органхэм, граждан жылагъуэм и институтхэм жуэплыныгъэмрэ зэакьылыгъэныгъэмрэ дгъэлъэщын хуейуэ кьытхуегъэув.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхуэр кьыхузоджэ терроризмэм кьыкIырыкI щынагъуэм бэм и гужьгъэжьыр, ди лъэпкым и зэрыIыгъыныгъэмрэ зэкъуэтныныгъэмрэ пагъэувыну.

Дунейпсо терроризмэм кьуэгушхукI бандит щэхурылажьэхэм я хьэгъэщагъэр кьызэрызэпыдудыфынур, ди Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу псоми мамыр гъащIэрэ зыузэщIныныгъэрэ кьаэрыхуэзэдгъэпэщыфынур си фIэщ мэхьу.

Урысейм и унафэщIхэр къыддоIэпыкъу

Налшык щыгъэжапIэм террорист щIэпхьаджагъэ кьыщыхьри, дакьикъэ зыбжанэ нэхь дэмыкIыу КъБР-мрэ УФ-мрэ я Президентхэу Къанокъуэ Арсенрэ Медведев Дмитрийрэ телефонкIэ зэпсэльащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапlэм кьыгъэритамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм къэрал унафэщIыр щыгъуазэ ищIащ Iуэхум и щытыкIэмрэ фбжь зыгъэуэтахэм зэрадIэпыкъу щыкIэмрэ. Щыгъэпсалъэм Урысей Федерацэм и Президентым кьыхихэщащ къэхьуар икIэщIыпIэкIэ сыт и лъэныкьуэкIи зэхагъэкIыу жылагъуэ зэпIэзэрыныгъэр результатым кьыщыгъэпэща хьун папщIэ, Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэмрэ ШынагъэншагъэмкIэ федеральнэ ІэнатIэмрэ лэжьыпхьэхэр яубыхуну.

УФ-м и Правительствэм и Iэтащхьэ Путин Владимир и унафэкIэ федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу Шыбзыхьуэ Сайдинрэ (сом мин 700-рэ зэрыщIалъхьэнымрэ) фбжь зыгъуэтахэмрэ (сом мини 150-м щегъэжьауэ мин 300-м нэс - кьыщыщIам елытауэ) мылъку дэIэпыкъуныгъэ иратынущ. КьыщынэмыщIауэ республикэ бюджетым и хьэкъкIэ хэкIуэдам и унагъуэм сом мини 100-кIэ, фбжь зыгъуэтахэм сом мини 25-м ирилагъэкIэ зыщIагъэхьэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм хэтхэр, абы и Унафэщ Меркулов Александр я пашэу, Шыбзыхьуэ Сайдин щыщIалхьэ махуэм ХьэтIохъущыкIуей кьуажэм щыIащ.

ТЕМЫР Лаиэ.

Махуэшхуэр

●Абы дегъэпIейтей

къызэпызыуда гуауэ

Махуэшхуэ зэхьыхьр нуха нэужь, Абхаз утым зыщыхьы!- жьар футболым дихьхьхрщ. Ахэр пэдгъэр «Спартак-Налшык» мэзкуу и «Динамо»-мрэ я зэIущIэм. Цыгъажэр зыфIэфIхэм ипподромымкIэ яунэтIащ, адрейхэр Хьэтlохьуашъкьуей хадэм зыплъыхьакIуэ кIуащ.

ГУФЭГЪУЭРЭ дэрэжэгъуькIэ гъэнщIа махуэшхуэ зэхьыхьэхэм я гуащIэгъуэт. «Налшык» ипподромым щыгъажэм щыщIидзат. Абы епльыну еблэгъа ветеранхэм я гукъыдэжькIа-Iэтын папщIэ Iэнэ хуагъуэват. Дыгъэпскlэ гъэнщIа гъатхэ маухуэшхуэр щыгъажэепльхэм зы дакъикъэм кIатеункIыфIащ. ЕтIуанэ къеIуэкIыгъуэ зэпеуэм хэтхэр гъуэгу техьа кьудейуэ, сыхьэт 12-рэ дакъикъ 45-м къулыкъущIэхэм, ветеранхэм ящыщхэр здэщыс лъэныкъуэм тепIь гъащIэхэм Iэрыщ Iэмэпсымэр къыщыкуац. ГъущIэкIэ Iэпигъэльэплъ къагъэсэбэпу ягъэхьэзырам и лъэщагъыр тротил килограмми 5-м хуокIуэ.

ЩIыпIэм псынщIэу нэсащ КъБР-м щыIэ УФ-м и МВД-м, УФСБ-м, УФ-м и Прокуратурэм и Следственнэ Комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм, прокуратурэм я унафэщIхэр, УФ-м и МЧС-м и Iуэхущапlэу КъБР-м щыIэм, хабзэхьуэу Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр.

Щыху 21-м фэбжь зэхэуэмыдзэкIэ ягъуэтащ. Ахэр псори республикэ сымаджэщым нагъэсащ икIи яхуэфащэ дэIэпыкъунгъэ иратащ. Фэбжь хьэлъэ зытехуа Хэку зауэшхуэм и ветеран, илъэси 104-рэ зи ныбжь Шыбзыхьуэ Саидин кьахуегъэлакъым. Республикэ сымаджэщым, КъБР-м щыIэ МВД-м и медицинэ санчастым иджыри цIыху 15-м нэблагъэ щIэлъщ. Фэбжь шыгъуэтахэм ящыщIу КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фыро Руслан, къэрал кIуэцIу Iуэхуэхмкlэ министру щыта Щоджэн Хьэчим, хьэрычэтыщIэ Сэкрэ Владимир сымэ.

Кьэхъуам иужькIэ кIэщIу КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, республикэм и унафэщIхэр щыIэтуэ, фэбжь зыгъуэтауэ сымаджэщым щIэлъхьэм я деж къэкIуэ зыгъэзыгъэдэн къару кьалтыкъуэкIыщ, - жиIащ Президентым.

Къалэн пыуыкIахэр пщэрыль ящещI

Накъыгъэм и 1-м республикэ щыгъэжапIэм къыщыхъуам и уажьэ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Меркулов Александр абы теухуа зэIущIэ ригъэкIуэкIащ. Абы кьыргъэбгъэт правительствэм хэтхэр, иягъэущI кьудыкIыущIэхэр.

- МУРАДЫФIХ ЭР, гугъэфIхэр къызыдэущI гьатхэ мазухэмрэ лэжьакIэ щIэпсыкIащ. Ахэр зыгъэгъэпсыхьагъэ. Ахэр зэхэтхьэ. Ахэр зэхьэзыгъэ. Ахэр зэхьэзыгъэ. Ахэр зэхьэзыгъ

●Дн псэлъэгъуэр

Сыткіи щапхъэ

Азубэч МуІзед и ныбжьыр нобэ илъэс 50 ирокъу

Азубэч МуІзед ТІэлиб и къуэр Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Дзэлыкъуэдэс къуажэм къыщІэхъуащ. Курыт еджапІэ нэужьым ар колхозым зы илъэскІэ щылэжьащ 1978 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр хэгрэ университетым щІэныкъэ щІ. 1983 гъэм еджапІэ нэхъыщхьэр къыщІэхьым МуІзед Терскол ягъэкІуащ абы щыІэ «Къэбалъкъэрмотрой» трестым и ухуакІэ управленэ №9-м щылэжьэну. ПхъащІэу къыщІэзыдза щІэхъуэр нужьыІэ хъуащ мастер, прораб, участкэм и унафэщІ. Управленэм щылэжьэну абы и къару ирихьэлІащ нэгуфІ, зыгъэпсэфІ, щэнхабзэ уиту, сабий саду, иэгъуэщІ Іуэхущапсэу зыбжанэ ирихуэным.

1988 гъэм къыщыщІэдзауэ МуІзед лэжьащ инженер нэхъыщхьэу, УНР-4-м, «Тырныауэстрой» трестым и СУ-10-м я унафэщІу, «Жилстрой» АО-м и коммерческэ тхъэмадзу. А кулыкъуэхэр ирихьэкІыу Азубэчым хуэзфІэкІащ Іуэху бгъэдыхьэкІыщІхэр, Іэмалыщ1эхэр къыгъэсэфынм, ухуэнысэр нэхъ игъэкІуатэу.

1995 гъэм Азубэчыр Тырныауз ягъэкІуащ къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэу. Нобэр къызэрсми а кулыкъуэм ирытщ, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхухэм, ухуэныгъэм, эмыщІэныгъэм, транспортым ехьэлІа лэжьыгъэхэр и пІэм щІэту.

ГъащІэр тІу изыщІыкІар

- 2000 гъэм къуа псыдэщхъэм Іисраф ищІауэ щытащ Тырныауз къалэр. Абы ди гъащІэр ІыхьитІу иугуэшам хуэдэщ, псыдэм ипкІэрэ иужькІэрэ, ящІтІу ди лэжьыгъэмэ лъэныкъуитІкІэ деплъ хъуащ, - жеІэ МуІзед. - Псыдэм зэтрикъутауэ щытащ къат кудзу зэтет (фэтэру 400 зыхэт) уни 10, аэр зыри мыхьужыну ирахащ. Зы жьэпэ псом, унэу 25 хъуэу зэмыгъэхэу, я лъатІэри къэнатІжыным. Унэхэр къызэтенаэу, ауэ япэетІуанэ къатхэм хэт фэтэру 400-м нэблагъэм псыр щІэуат. Псори зэхэту гъачІэгъуэу 800-м щІигъум яфІэкІуэдауэ щытащ я псэуалъэхэр. Мыдрейуэ Іэщ, машинэ, гараж, гуэщ жьипІэн, куэд дыдэ хъурт хэщІыныгъэр.

Правительствэм и унафэкІэ къызэрагъэпэща комиссэм, район, къалэ администрацэхэм я къару ирахьэлІэри зэман кІэщІым кърибыдэу тырныауэдзэхэм псэупІэ яІэ хуэхъуащ. Ящыныкъуэхэм къащхъащ, адрейхэм иратащ, Азубэчым и нэІэм щІэту ята къэрал псэуалъэ сертификатхэмкІэ эчэр зыхуей щІыпІэм къыщызыщхъуаэхэр щыІэщ.

- Псэуалъэ и мызакъуэу, зи мыпыку хэкІуэдахэм дадэІэпыкъуащ, - пещэ МуІзед. - Гузэвгъуэшхуэ дэлъами, нобэ Тырныауз къалэм, зиужьажащ.

СыщыхущІегъуэжа къэхуакъым

- Пэжщ, гугъуехь мымащІэхэр щысщІэчын хуей хъуащ гъэкІыгэкІэ сыкъыщІыщІащ районым. Ауэ си гъащІэм и гъэзэгу зэхэкІыпІэм аргуэру сыкъытехутэжами арауэ къыщІэкІынт къыхэсхынур. Сэ сыкъуолейщ ныбжьэгъуэмкІэ, абыхэм я нэхъыбэр балъкъэрщ. Зы щІыкІу къыщІыхьарэ абы сэбэп сыхуэхъуфамэ, дамэ къыстрегъакІэ.

Пэжщ, Іуащхьмахуэ районым «балъкъэр куей» хужаІэ, ауэ щІыкІу мин 35-м щыщу мини 4-м нэблагъэр (процент 12-13-р) щыадыгэкІэ, ди щхьэр ехьэхауэ дыщыпсэуркъым, дызэрыщыІэр ящІэу, ІуэухкІэ дызэрыщІэу апхуэдэщ. Илъэс 28-нэм итщ абы сызэрыдэкІуейри, мыбы щхьэ ущІэ, къыпхуейр хэт жиІэу зы щІыкІу къэуакъым. Псалъэмакъ гуэр зэщІыкІэ щыІэ, ауэ лъэпкъ зэхэгъэк и лъэныкъуэкІэ зэпэщІэуэ, хьэлэбэлыкъ дызэхуауэ къысхуэщІэжыркъым.

Къапщтэмэ, псыдэзм псэупІэмащ кьыгъэна уныгъэ 800-м щыщу зыбжанэрэ сызыхуэмыза, сызэрыпсолъа яхэткъым. Сабийхэм я гугъу сщІынкъым, ауэ балигъ мин 20-м щыщу сымащІыхуу дэсу къыщІэкІынкъым къалэм. А псом къыхэкІыу сухуэкІынущ тырныауздэхэм я зэхущытыкІэр зыми зэремыщхыр. Совет зэманым «интернациональнэ хъалэр» жьхуаІэу щытам кьытенаэу нобэми йокІуэкІ. Адыгэхэм, балъкъэрхэм я гущІэгъуэ щхьэнкъыми, ди къалэм щыпсэу урысхэр адрейхэм ещхькъым. Ставрополь, Краснодар, нэгъуэщІ щІыпІэхэм кІуэжу я Іыхьлыхэм яхэмыгэгъэжу, яхэмысхьажу къэзыгъэзэжа щІыхь зыбжанэ сощІэ щэ. Сесжжэу щытми, ящыныкъуэхэм я дежь согъэщІагъуэ ди гъунэгъу урысхэм я унэбжэр эрамыгъэбыдэр. Араущи, мис а узыІэпызышэ кІэомкІи сэри я хъым сихуэ къыщІэкІынщ, зы махуэ сыдэкІыжарэт зыкІэкъым.

Къалэр зыхуэфІымрэ хъуэпсапІэмрэ

ІэнатІэхэм утепсэлъыхьмэ, гипс щагъэж завод бэлыхь щыІэщ Тырныауз. Щыху 400 щылажьэ шахтэ ухуаІэу управленэм хуэдэу республикэм ИІэр я кьалэм сей зыращи, зэи лжьыгъэнщэ хъуркъым. Куэрыт еджапІэхэр, сымаджщхэр, щэнхабзэ Іуэхущапсэхэр фІы дыдэу мэлажьэ. КІэщІу жьипІэмэ, зыгуэрхэм зэрагугъэм хуэдэу хэкІуэдажьыным Тырныауэм, кІуэ пэтми зеужьыж, ІофІакІэ. Ар зэІуэзэпэщ хъуным я жаргу ирахьэлІэ район, къалэ администрацэхэми.

- Куейм ехьэлІауэ жьипІэмэ, куэрогым епха Іуэхугъуэхэр фІы дыдэу ежьащ. ЗыгъэпсэхуакІэхэр Іущтыкіати, ахэри къокІуэлІэж, мыпхуэдизу диІаРэт жьихуаІэм хуэдизу хъэщІу къоблагъэ, - жеІэ МуІзед. - ХьэщІэщышхуэ щыІахэм я бгъэрыгэ уней хьэпІащу пщІы бжьагъэ ящащ, зым нэхуэр адрейр нэхьыфІыжу, нэхъ дахэу, эпэщІу. Пэжщ, европей пщалъэм сервисКІэ нэсыпащэ щытыкъым ахэр, ауэ ари зэман кІэщІкІэ тлъагъуну си гу- гъэщ.

КІапсэ гъэгъу тІу яутІыпщащ, ещанэм хуэзу щІэтІ, щхапІэхэр, зыгъэпсэхупІэхэр ящІ. НэгъэщІ промышленность Іуащхьмахуэ лъапэр хуеихэхьым, ар лжьыгъэ Іэна- тІи мыпыку хэхьпІи яхуэхьу- нущ.

- Ди къэпсапІэм уящІэнущІэм хуэдизу, Тырныауз хэмбинатыр ежьэжьнращи, абыи Іэмал кІыхуагупсысыну согугъэ. Абы иропІейтей республикэм и унафэщІэр, - дыщегьэгъуазэ Азубэчым. - Ар лажьэу ящІыпщыжмэ, совет зэманым зэрыщІам хуэдэу дызэрыгъэтеувэжьынур, дызэрефІэкІуэнур быдэу си фІщ мэхьу.

МуІзед и жьлагъуэ

●Егъэджэныгъэ

ЗэфІэкІ лъагэ

ЕтІанэгъэ и мэлыжьыхь мазэм ди республикэм и къалащхьэ Налшык етІуанэу щекІуэкІынущ школакІуэхэм Информатикэмкіэ я Урысейпсо олимпиадэр. КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и унафэщІхэм нэхъапэ ІуэхущІэзэ захуигъэзащІ апхуэдэ жэрдэмкІэ. Ар къыдалъигъащ икіи мэлыжьыхьым и 24-м. Ханты-Мансийск щекІуэкІа мыгъэрей апхуэдэ олимпиадэр щыІэзэхущІыжьым, ди республикэм и лІыкІуэхэм къыщІэщалъхьащ эпхуэдизу и дамыгъэхэмрэ нэщэнэхэмрэ.

ГъатхэШ КъАКІУЭ ди республикэм и къалащхьэм кьекІуэлІэнущ къэралым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщ школакІэхэр 250-рэ. Ахэр 9-11-нэ классхэм щеджэхэм ящыщу информатикэмкІэ ехьэлІэныгъэфІэхэр зиІэ, я предметныкІэ я щІыналъэ зэпеуэхэм пашэ щыхъуэ щыхьащІэхэщ. Къэралпсо зэхьэзэхэм щытекІуэ апхуэдэ школакІуэхэм хуитыныгъэ яІэщ а унэтІыныгъэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ, курыт Іэщ1агъэ къэзыт еджапІэхэм экзаменхэр ямыту щІэтІысхьэну. Апхуэдэу ныбжьыщІэ зэчиифІэхэр хагъэхъэнущ УФ-м и командэ кІэлъхэмрэ, дунейпсо зэпеуэхэм яГъэкІуэхэм.

Къэралпсо ныбжьыщІэ олимпиадэхэр щебгъэкІуэкІ хъуну щІыпІэхэр къэщыщхьахкІэ, кьалъытэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ абы и еджапІэхэр иджырей техникэ пэрытхэмкІэ къызэрызэгъэпэща щыкІэр. Апхуэдэ зэфІэкІ лъагэ зиІэхэм хабжащ Налшык Фиг, къэдгъэкІыжьынщи, школакІуэхэм Информатикэмкіэ я Урысейпсо олимпиадэр ипэкІэ щекІуэкІащ Троицк, Екатеринбург, Пермь, Санкт-Петербург, Тверь, Новосибирск, Ханты-Мансийск кьалэхэм. Налшыки ар къыщызэрагъэпэщауэ щытащ 1990 гъэм.

КІУЖ Иннэ.

Жэмтхъэлэ къуажэм щыпсэу Джэрыджэ Хьэжмусэ и унагъуэр ящыщщ зауэм и лей зытехьа унагъуэ мниищхэхэм. Абы и лъэныкъуэкІэ адрейхэри къызэрыщыкІыщыхуэ щыІэжьым, ауэ пхуэжьІэнукъым сшхь дыдэуи.

Таужан: Псори дыцІыкІу-цІыкІу зашІэу ди анэр дунеим ехьажат 1958 гъэм. Быным я нэхъыжьыр сэрати, илъэси 10-м сызэрыщІигъуа щыІэтхькым. Беслъэн, Хьэсанщ, Зулихьан, Хьэчимиз сэ нэхърэ нэхъыщІэжт. Ди адэр губгъуэ лэжьыгъэм хурагъэджати, бригадирт, нэхъ мышІу дэкІыртри, кІыфІ мыхъуауэ къекІуэлІэжьыртэкъым. Правлеиэ зэхуэс, собранэ щыщІэхэм деж жэщ ныкъуэ хъуху къэгувэрт. Сабинтхур зыгъэщІхэн, къытІэлъэІыпІыпІ диІэн хуеинтэкъэ?! Арати, лъэпкъыр зэхьыхэри анэнэпІэс къытхурагъэшащ зы хъыджэбзи щыІгъу. Апхуэдиз илъэс дэкІаУэ иджы абы утепсэлъыхьажкІи сыт и сэбэп, ауэ ди закъуэу дыщыпсэуар нэхъ кІыдигъэщтэжат, арщхьэкІэ ди адэм зэрызыкьедмыгъэщІэным яужь диттт.

Ди унагъуэ Іуэхур апхуэдэу бгъунэнэ, ди щІалэжьм я Іуэху хъарзынэтэ, абы ди гур иридгъэфІырт. Щалэ уардэ защІэт зэкъуэш бынхэр, езыхэр инрэ я пащІэхэр щІэІуэнтІэжаеуэ. Къуажэр нэхъыбэу зезыхьэр ахэрат. Хьэщу колхоз председателт, ди анэр, зэрыжьыслащи, бригадирт, Хьэнэхъу пощтым и унафэщІт, Зауалрэ Сэфарбийрэ фельдшеру еджауэ колхоз Іэщыр я Іэмыщ1э ират. Мудар къуажэм дэт гъыкъэнпІэхэм я тетт, Пщыбийр Жэмтхъэлэрэ Налшыкрэ я зэхуаким дэт маршынэ закъуэм дэст. АрщхьэкІэ тхъэм ихуаІэ кьыщІэкІынтэкъым ди щІалэхэр зытет гъэрыгу кІыхь хъуну. Зауэ мыгъэжьыр нэхъхьеири, абы псори лъапэдзгъэзеигъуэ ищІащ. Ди адэ мыгъуэм къеджатэкъым зауэм дашыну: и ныбжькІи апхуэдэу щІалэжтэкъым, сабинтхурэ зеиншэу дыкъыпэрт. ИтІани и напэм хутегъэхуакъым къуажэм къыщІэнэну. «Сыкоммунисту жьлэр щІэкІуэ зауэм сымыкІуэм, сыт кьыскужаІэн?» - жиІауэ сощІэж. 1942 гъэм гьатхэпэм и 18-м едгъэжьат. Зауэм сызэрыкІуэр зыун къысфІэІуэхуэтэкъым, си гущІэр къызысыкыр си бынитхур анэзэпІэсым къызэрыхуэзгъанэрэщ, - жиІэжат яужьу къыщытэпІэпхьажат. И псэм ишІа къыщІэкІынт ди Іуэхур зыхуэкІуэнур: ди адэр хъыбарыншэ щыхъум, псори дыкьыпэхэнкІи, анэнэпІэсыр екьжащ.

Беслъэн: Ди щхьэ бадзэ тетхужьыр дыхьэрит, зы балигъ къыхтхэмыту уиз нэщІым дыкъыщІэнат. Си ныбжьыр илъэс 14-15 нэхъыбэ мыхъуами, Тхъэм и шыкуркІэ, дэни сыщыІэжьыфыну сыІэчльэчт, си ныбэ мыныкьуэту закъуэмэ. АрщхьэкІэ зауэр екІуэкІыну ныбзиз дэнэ кьыкІынт? Нормэр дгъэзэщІа нэужь губгъуэм кьыщыщат ерыскъы тІэкІуи и зэхуэдитІыр унэм мэжаІэу кьыщыщпэпльэ нэхъыщІэхэм кьахуэхьыр т. Ауэ зэхьыщІэжар, уеблэмэ зы адыгэ сабий фІэкІа классым щІэмысыми, абы егъэджакІуэ зэгрегъэщІыдылар.

Апхуэдэуи адыгэ лъэпкъ интеллигенцэм щыщ щыху щІэрыІуэхэм я махуэ лъапІэхэм ирихьэлІу зэІущІэхэр кьыздогъэпэщ. Хасэм и жэрдэмкІэ кьыхэтлъхьауэ илъэс кьэс щыщхьэІу маэм и яп щэбэтым гукьыдэж зиІэу хьуар, сабии балигъи, щалэм дыдокІри ди ныбжьыдогъэужь. А псом нэхъыщхьэу хэлъыр дызэрылъэпкъыр, дызэрыщІэкъуэтыр ящІэу Хасэр районым зэрыщыдгъэлэжьэфырщ.

Унагъуэр

Азубэч МуІзед унагъуэ дахэ иІэщ. И хьыджэбзитІыр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щодж - Маринэ медицинэ факультетым и 5-нэ курсым, Ириндж математикэ къудамэм и 4-нэ курсым щІэсщ. И кьуэ Астемыр курыт еджапІэм и 9-нэ классыр кьеух, и адэм ещхьу ухуаІэу хъуну хуеІщ. МуІзед и щхьэпэсуэр сабий садэм ящыщ зым щолажь.

Зытхыжар

ИСТЭПАН Залинэщ.

Суратыр **КЪАРЕЙ Элиб** *трихащ.*

Жэмтхъэлэ къуажэм щыпсэу Джэрыджэ Хьэжмусэ и унагъуэр ящыщщ зауэм и лей зытехьа унагъуэ мниищхэхэм. Абы и лъэныкъуэкІэ адрейхэри къызэрыкІыщыхьэ щыІэжьым, ауэ пхуэжьІэнукъым сшхь дыдэуи.

●Зауэм теухуа гукъэкІыжхэр

Езыхэр биим пэщІэмытами

ми, хьэку мафІэм кьидз нэху тІэкІуми, хьэку мафІэм кьидз нэху тІэкІуми, хьэсанщэ Хьэчимрэ иджыпІэ ди Іэнатіэ гъэкІуэ деджэну яужь дитт. Дехьуапсэрт школым дыкІуэну. Аущ абы щхьэхъэ узыхуэпэн, узыгъэшхэн уиІэн хуейтэкъэ?

Зулихьан: Зауэр иухуу ди адэм къызэрымыгъэззжьынур наІуэ щыхъуати, бел, хьэмфІанэ сІыгъыф хъуати, сэри колхоз губгъуэм сихьащ. ЛъапэкІэ жэщ хьуху щы кьэптІыным и хьэпъагъыр зымыгъэнэхуам жеІэкІэ кьыпхугурыгъэІуэнукъым. Ари уи ІэпкъытІэкъэкІыр зэрымыубдауэ, ин ныбэ иІэ щымыІэу. А псом и щыІужьІэ, уэ нормэ кьыпхуэлъжьынукъым, питанэ кьыптехуэркъым жаІэрти, гуэвэгъуэм сыхьаздзэрт. Си хьэпІамэ Іыхьэр кьысІыпысын щхьэкІэ, Таужан кьажІуэрэ кьызздэІэпэпхьурт, езым и нормэр ируха нэужь.

Таужан Зауэ зэманым щІытІым щыІахэм дыхиубыдат Беслъэнми сэри. Сэ щІытІыщхуэ нэмыщІкІэ щІытІ щыкІу жаІэу Уэзэрдж деж щыІами сыщыІэжьат, ауэ ахэр кьызэгъэщтэжат губгъуэр тІыпынэм. Ди кьарум дэмыхуэжь хъууэ ди гур кьекІуэу дыщыджаІэ щыІэт. А псом я щхьэжт бригадир гущІэгъунщэм ди гур зэрякьутэр. Зэман бзаджэм щІыхуэхэр гущІэгъунщэ ящІауэ арагъэнут.

Хьэсанщ: Щыпхъуэхэрактэ сытым щыгъуи гугъуехьыр нэхъ зи натІэр. Колхозым зэрыщыІалажьэм нэмыщІкІи абыхэм унагъуэ Іуэхури, пщэфІэнри, жьыщІэнри, дыжэнри я пщэдэтэ. А пщэфІэн жьыхуэпІэр езыр сытым хуэдэу гугъу, упщэфІын ущымыІэм деж. Таужан кьыщидурэ Іэджэрэ гъырт, нобэ сыт фэзгъэшхынур жиІэурэ. ЗыкІи мыкъуанщэми, быным я нэхъыжьхэри, шхын дзэзэрмыгэмкІэ езым кьуанщэу зыкъыІыпытэжт. Ар бгъэвэнну губгъуэ лэжьыгъэм нэхърэ зыкІи нэхъ тыншт-экым. Сэ шюлым тІэкІу нэхъ сыкІуэрти, лажьэжэм ират хьэлІамэ Іыхьэм зыхъэмыгъэжьыкьин щхьэкІэ, еджэныр хьфІэздзэри сэри юлхозым сыхьыхьат. Дакъавэу сагъэуваги, мо жейкІэ сримыкъум, кІуэрыкІуэм сытетурэ сыщхьэкъуэрти, вым сыжьжьэуэрт. Си ныбэр нэщІым, утъапщІэм, ГьатхэвагъэмкІэ ящІэпыщІэнтхъэ, вым вэнвей хуабэ кьакІэрыхуам, ар ди гурыфІыгъуэ дыжэрти, ди лъакъуэр хэдгъэувэрт. АрщхьэкІэ, абы кьэдрэ уиІыгъынт, иужькІэ нжь Іенжжу дыкІыщІэжырт.

Беслъэн: Зеиншагъэми, зауэм и бэлыхьми, мэжэщІаІагъэми дыкьелри, тІуэтэжащ. Псори унагъуэ дыхьурт, ди бын тпІыжащ, адрейхэм едмышхьуапсэу. Ди унагъуэм кьэтепщыкІыкІэр нобэ щыху 80-м ноблагъэри, Тхъэм и фІыщІэкІэ, псоми я Іуэху хъарзынэщ. Дэ тхур дыкІапщтэмэ, ищхьэ пщІейм зи ныбжьыр нэмыблэгъэ кьытхэткъым, ищхьэкІэ ди Іуэху Іыхьэ дощІэф. Уеблэмэ, Хьэсаншэрэ Хьэчимрэ иджыпстуи я Іэнатіэ гэрыгъу мэлажьэ. Аракъэ-тІэ насыпэ дыхуаІэр?! Къэбэрдейм дэ тхуэдэ зы исым, дыетІуанэу кьызэлъытэ. Абы и щыІужьІэ, сэращ иджыпсту Жэмтхъэлэ дэс Джэрыджэхэ я нэхъыжьыри, си кьуэш нэхъыщІэхэм пщІэщхуэ кьыхэзрыстхуащІым, си жьІэ зэрыфІэмэкІым си пЪэр нэхъ жан ещІ. ГуфІэгъуэ, гуэзвэгъуэ кьыщІыхъуам дежи аращ - ящэ щыкІэ си дежь кьакІуэу кьызэмыкнэдкэщауэ зы унафи ящІкъым. Ар уи щхьэр лъагэу уэзыгъэпьагъуж Іуэхукъэ-тІэ щІыхуэр кьэзыльхуам щемыдэІуэж ди зэманым! Абы нэмыщІыжкІэ, щІыхуэ 1600-м щІигъуу кьэдбжащ Къэбэрдейм Джэрыджэ исри, дызэкІэпхьыІуэну, дызэрыльтэну, зызэщІэдгъэкъуэну сыт щыгъуи яужь дитщ. Хьэрзынэуи кьыдохьуІэ.

БЕСЛЪЭНРЭ Хьэсаншрэ щопсэу я адэ Хьэжмусэ и щІэр зыфІащыжа уэрамым. И ныбжьыр илъэс 80-м фІыуэ щІигъуами, куэд дыдэ щІакъым Беслъэн мыльакъуэу зэрыгІысыжьэ. Германнем дызэрыгекІуам, зауэ гъэхъэнэм фІыуэ зэрыльжьам я щІыхькІэ кьыдагъэкІа медалхэм нэмыщІкІи, и псэемыблэж лэжьыгъэм папщІэ, абы кьыхуагъэфэщащ дамыгъэ Іыхьэ щІыкІэ щІыгъуэ Сталинград кьалэр.

А КЪАЛЭРкъэзэуныр Гитлер деккІэ мыхьэнэ ин зиІэт щхьэусыгъуэ зыбжанэкІэ. Абыхэм ящыщт Кавказ щыналъэм и щыдагъэр зыІэрригъэхьэну зэрыхуащІэкъур. Нэхъыщхьэратэ, Сталиным и цІэр зезыхьэ кьалэр кьэубыдыным идеологие, пропагандэ и лъэныкъуэкІи мыхьэнэщх уэ иІэт.

Хэку зау зышхуэм т еуху тхыгъэхэм кьыІэрыхэщыкьыкІэ, Сталинград и ебгъэрыкІуэныгъэм и фронтищым ди къэралым кьыщІэгъэсэбэпащ хьэлъэзешэ машинэу 9 297-рэ. Абы-хэм ящыщ зым шоферу исащ си адэ Тэмаз Зуадин.

Зауэм щыщІидзам абы армэм кьулыкъу щищІэрт. Дзэм зэрыхэтам щыхьэт техъуэ и билетым итщ мыпхуэдизу: «1941 гъэм и мэлыжьыхь - 1945 гъэм и дыгъэгъазэ - шофер», иужькІэ: «1945 гъэм и дыгъэгъазэ - 1946 гъэ - кхъухьлъатэ тельэ-тыкІыпІэр къэзыгъэнэху станцым и унафэщІ. ТекІуэныгъэм и махуэм Будапешт кьалэм щыІущІащ си адэр.

Ар зыхэта зауэхэм тепсэлъыхьыжьхэм фІэфІтэкъым. Абы и щхьэ уэсыгъэр хэт ящІэн, зауэлъым и гум щыщІэри хэт жиІэфынт?! Езыми унагъуэм щыщхэр деупщІыртэкъым - тфІэемыкІут икіи дыфІэлІыкІырт. Ауэ Сталинград зэхэуам и гущІэгъэрэ гущІэгъунщагъэмрэ уи нэгу кьыщІагъэхьэжу хъыбар мыинхэр си анэм жиІэжу зэхэсхыжащ.

А зауэм Іухьа сэлэтым псэуну кьыхуэнэжар зы жэщ-махуэ щрикьыку кьэхъуэрт. Тыдэ ящІыкІуэтІри апхуэдизкІэ лъащу зэпэщІэтти, уэрам, завод, унэ, щыунэ, дэйуеиПІэ кьэс ущІэжэн хуейт.

Зэгуэрым прожекторхэр зыгъэлажьэ цІыхубэитІ кьыбгъурыгъу, си адэр хьэльэзешэ полуторкэм и рулым бгъэдэсу здэкІуэм, кхъухьлъатэм кьрідзыІэ бомбэр кьэтехуэри, кабинэм фІэкІа кьэмынэу машинэм и ныкъуэр пихат, езыхэр, я насыпти, кьелащ.

Си адэм зэрихьа лІы-тыкІыпІэр къэзыгъэнэху станцым и унафэщІ. ТекІуэныгъэм и махуэм Будапешт кьалэм щыІущІащ си адэр.

Ар зыхэта зауэхэм тепсэлъыхьыжьхэм фІэфІтэкъым. Абы и щхьэ уэсыгъэр хэт ящІэн, зауэлъым и гум щыщІэри хэт жиІэфынт?! Езыми унагъуэм щыщхэр деупщІыртэкъым - тфІэемыкІут икіи дыфІэлІыкІырт. Ауэ Сталинград зэхэуам и гущІэгъэрэ гущІэгъунщагъэмрэ уи нэгу кьыщІагъэхьэжу хъыбар мыинхэр си анэм жиІэжу зэхэсхыжащ.

А зауэм Іухьа сэлэтым псэуну кьыхуэнэжар зы жэщ-махуэ щрикьыку кьэхъуэрт. Тыдэ ящІыкІуэтІри апхуэдизкІэ лъащу зэпэщІэтти, уэрам, завод, унэ, щыунэ, дэйуеиПІэ кьэс ущІэжэн хуейт.

Зэгуэрым прожекторхэр зыгъэлажьэ цІыхубэитІ кьыбгъурыгъу, си адэр хьэльэзешэ полуторкэм и рулым бгъэдэсу здэкІуэм, кхъухьлъатэм кьрідзыІэ бомбэр кьэтехуэри, кабинэм фІэкІа кьэмынэу машинэм и ныкъуэр пихат, езыхэр, я насыпти, кьелащ.

Си адэм зэрихьа лІы-



Тэмаз Зуадин.

гъэм папщІэ кьыхуагъэфэщащ медаль зыбжанэ, Ипщэ-Къуэхьэпэ фронтым и гущІэгъэ-тем кьыбгъэдэкІ фІыщІэ тхыль, нэгъэщІ дамыгъэ лъапІэхэри. Зауэ нэужьми ар зэи Іуэхуншэ хъуакъым, зы махуэ закъуи и кІэм нэсу зиІэпсэхуауэ сльэгъуакъым. Ар Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм хьэлэлу щылэжьащ, бныих дипІащ, дригъэджащ, дызыхуей дыхуиГъэзащ.

Си адэр дунейм щехыжам, кьытхуэгъуэзэну кьэкІуа щыхуб нэхъыкьхэм гуапэу яГу кьагъэкІыжырт ар зэрыхуэзэфІэкІкІэ фызабэхэм ядэІэпыкьуу - пхъэтэсыхь кьахунэм, Іэщ1эпсэхь хэм якІэльыльэбэн хуейми - зэрыщІатар.

Сталинград зауэм кьрикІуам гурыІуэгъуэ ищІат хэт текІуэнуми - Совет Союзым тепщэныгъэр иІэ хъуат, ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и унэтІныныгъэм зихьуэжат, Шэч хэлькъым, Къэбэрдей-Балъкъэрым икіа сэлэтхэм а текІуэныгъэм хальхьар зэрыуагъэнщэр. Ди хуитныныгъэм зи псэр щІэзэтахэм, ди ТекІуэныгъэм щІэзэуахэу нобэ дигу къэдгъэкІыжкъэм я ахъэрэтыр нэху ухьу!

АТЭЛЫКЪ (ТЭМАЗЭ) Мидэ.

Брамтэ кьуажэ.

Зауэм кьыдэхэта и ныбжьэгъунтІым я гъусэу. Зуадин сэмэгумкІэ щытщ. *1945 гъэ*

Си адэр зэи сщыгъупщэркъым

Псальэкіэ пхужьмыІэным хуэдизу хьэлъэу щытащ зауэ зэманым ди щІыхуэхэм я дежкІэ, Псом хуэмыдэу гуащІэу икіи кІыхьу зауэр щекІуэкІаэхэм ящыщщ Сталинград кьалэр.

●Фи лъэІукІэ

Накъыгъэм и нэмэз щІыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
5. бэрэжьей	04.23	05.53	13.13	17.09	20.12	21.52
6. махуэку	04.22	05.52	13.13	17.09	20.13	21.53
7. мэрем	04.21	05.51	13.13	17.09	20.14	21.54
8. щэбэт	04.19	05.49	13.12	17.10	20.16	21.56
9. тхъэмахуэ	04.18	05.48	13.12	17.10	20.17	21.57
10. блыщхьэ	04.17	05.47	13.12	17.10	20.18	21.58
11. гъубж	04.16	05.46	13.12	17.11	20.19	21.59
12. бэрэжьей	04.14	05.44	13.12	17.11	20.20	22.00
13. махуэку	04.13	05.43	13.12	17.12	20.21	22.01
14. мэрем	04.12	05.42	13.12	17.12	20.22	22.02
15. щэбэт	04.11	05.41	13.12	17.12	20.23	22.03
16. тхъэмахуэ	04.10	05.40	13.12	17.13	20.24	22.04
17. блыщхьэ	04.09	05.39	13.12	17.13	20.26	22.05
18. гъубж	04.08	05.38	13.12	17.13	20.27	22.07
19. бэрэжьей	04.07	05.37	13.12	17.14	20.28	22.08
20. махуэку	04.06	05.36	13.12	17.14	20.29	22.09
21. мэрем	04.05	05.35	13.12	17.14	20.30	22.10
22. щэбэт	04.04	05.34	13.12	17.15	20.31	22.11
23. тхъэмахуэ	04.03	05.33	13.13	17.15	20.32	22.12
24. блыщхьэ	04.03	05.33	13.13	17.15	20.33	22.13
25. гъубж	04.02	05.32	13.13	17.16	20.34	22.13
26. бэрэжьей	04.01	05.31	13.13	17.16	20.35	22.14
27. махуэку	04.00	05.30	13.13	17.16	20.35	22.15
28. мэрем	04.00	05.30	13.13	17.17	20.36	22.16
29. щэбэт	03.59	05.29	13.13	17.17	20.37	22.17
30. тхъэмахуэ	03.58	05.28	13.13	17.17	20.38	22.18
31. блыщхьэ	03.58	05.28	13.13	17.18	20.39	22.18

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Хьэрхуэрагьыр щIагъэхуабжьэ

ФИДЕ-м и саугъэт нэхъыщхьэр (Гран-при) зыIэрыгъэхьэныжкIэ бзыльхъугъэхэм я шахмат зэхьэзэхуэм кьыпыхьыщ джэгуугъэхэр екIуэкIащ мэлыжьыхьым и 29-30, накьыгъэм и 2-4-нэ махуэхэм, накьыгъэм и 1-м шахматисткэхэм загъэпсэхуащ.

●ФИДЕ-м и Гран-при

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

А МАХУЭХЭМ зэкьэзэхуэр зэрекIуэкIам и гугъу пщIымэ, очко бжыгъэкIэ бжыыпэ зыIыгъыр урысей шахматистка Косинцевэ Татьянэщ. Абы и закьуэщ, псальэм папщIэ, мэлыжьыхьым и 28-м екIуэкIа джэгуугъуэм щытекIуар (ар абы щыгъуэ Армением кьэкIа Даниелян Элинэ сыхьэтитхум щIигъукIэ дэджэгуат), адрей шахмат пхьэбгъуитхуми щыIэзыщIэувахэр зэрытетэжьуакъым. ГъэщIэгъэ ЗэнэщI, ауэ етIуанэ махуэм, мэлыжьыхьым и 29-м, зэдэджэгуахэм зы джэгуугъуэ ничьяуэ нухар - Ковановэ Баирэрэ Конеру Хампирэ зэрытетэжьуакъым. Адрейкэр (зэрызэкIэлыкIуэм хуэдэу): Жу Чень - Хоу Ифань (0-1), Жао Кэю - Мкртчан Лилит (0-1), Даниелян Элинэ - Кремлинг Пиа (0-1), Монгонтуул Баткуяг - Косинцевэ Татьянэ (0-1), Дзагнидзе Нанэ - Бетул Юлдуз (1-0) зэдэджэгуащ, текIуахэм ящыщу плIыр зэрыджэгуар фигурэ фыIыщIэ.

Мэлыжьыхьым и 30-м я очко бжыгъэхэм иджыри зыгъэ хагъэхъуащ Жу Чень (зыдэджэгуар Конеру Хампищ), Ковановэ Баирэ (Бетул Юлдуз кьыфIнхьэуащ), Косинцевэ Татьянэ (Дзагнидзе Нанэ), Хоу Ифань (Жао Кэю) сымэ, Крамлинг Пиарэ Баткуяг Монгонтуулрэ, Мкртчан Лилитрэ Даниелян Элинэрэ зэрытетэжьуакъым.

Зэхьэзэхуэм и елланэ джэгуугъуэр щIимыдзэ щыкIэ, шахматистхэр закьыкъэкIэ хуэщIыгъ уащ ШахматымкIэ дунейпсо федерацэм и президенту щыта Камполанес Флоренсио. Ар дунейм зэрыжьам теухуауэ ксыIэрыхьэ хьыбарыр спортсменкэхэм я жагъуэ хуэмаи, я джэгукIэм ксыщыкъэщакъым: шахмат пхьэбгъуи 6-м щыщу плIым текIуэнкIыгъэ ксыщахьащ. А махуэм и ятIэ текIуэныгъэр зеяр Жао Кэющ. Псальэм кьыдэкIуэу жыпIэмэ, ФИДЕ-м и Гран-при зыIэрыгъэхьэныжкIэ зэхьэзэхуэхэм кьэрикIуэ бжыгъэкIэ бжыыпэ зыIыгъыр урысей шахматистка Косинцевэ Татьянэщ. Нашлыр щекIуэкI зэпеуэм и япэ дж зэгуугъуэхэм машIэу зыщIиригъэхами (фигу кьэдгъэгъэкIыжьыщIар зэкIэлыкIуэу джэгуугъуащым кьыщыхагъэнащ). Абы еплытмэ, зэпымыауэу джэгуугъуэ еплIанэ кьехьэху вице-чемпионкэ Хоу Ифань. Накьыгъэм и 3-м ар фигурэ хужьхьэмкIэ дэджэгуащ Монголием щыщ Баткуяг Монгонтуул (а кьэралым абы и закъуэщ гроссмейстер цIыхубзу щыIэр). Китаянкэм иджыри зэ нэрыльагъу кьэщIащ зэфIэкI хьарзынэ зэриIэр, тегупсысыкI-теплъэжьукI хэмыту шахмат джэгум сыткIи зырыхуэхьэзырыр. Зэхьэзэхуэм очко бжыгъэкIэ пашэныгъэр щызыIыгъ Косинцевэ Татьянэ и махуэм и хьэрхуэрэгъуэр Конеру Хампит ауэ турнирым и рейтинг нэхъ льагэ дыдэ зиIэ индианкэмрэ Татьянэрэ зэрытетэжьуакъым, Iуэхур ничьям хуэмыкIуэу джэгугъуэр ящыфыну пIалъэ зэхуэмыдзкIэ тIуми Iэмал яIа пэтми. ХужьхэмкIэ джэгуа Косинцевэм джэгугъуэр «Сицилианская защита» Iэмалкэ иублат, ауэ зэриугъам ху зэдэу дзкIэ хуэугъуэдзыкьым. Татьянэ зэрыбэдзрыгъар кьигъэсэбэпу джэгугъуэр езым и фейдэ зыхэлъ эндшпилым Хампи хуищэфыну щытат, ау я абы апхуэдэу ищIатэкьым, тIуми очко ныкьуэ-ныкьуэ фIэкIа ямыIуэ джэгугъуэр ящыгъ. Катарым и лIыкIуэу зэхьэзэхуэм хэт китаянкэ Чень Жоу (ар шахматымкIэ экс-чемпионкэщ) кIуапIэ жапIи иритакьым Бетул Юлдуз - 18 кIуэгъуэм ирихьэлIэу эндшпилым хуэкIуа «защита Филидора» Iэмалыр кьэзыгъэсэбэпа Чень и текIуэныгъэкIэ 33-нэ кIуэгъуэм ихащ. А махуэм текIуахэм ящыщу Крамлинг Пиарэ (Ковановэ Баирэ кьыфIнхьащ), Жао Кэюрэ (Даниелян Элинэ дэджэгуащ).

Ебланэ джэгугъуэм кьрикIуахэм урипльэжмэ, кьыхэгъэщIпхъэщ Косинцевэ Татьянэ турнирым и пашэныгъэр зэриимытыпщар (абы очкои 6 иIэщ), зы баллкIэ абы кьыкIэроху китаянкэ Хоу Ифань, ещанэ-еплIанэ увыпIэхэр зэдагъэщ Крамлинг Пиарэ Чэнь Жоурэ (очко плIыплIрэ ныкьуэ-ныкьуэрэ).

Дыгъуасэ, накьыгъэм и 4-м, зэрыдзэдзэжгъам кьрикIуахэм щыгъуаэ фыдоущI: Чень Жоу - Даниелян Элинэ (0,5-0,5); Баткуяг Монгонтуул - Жао Кэю (0-1); Дзагнидзе Нанэ - Хоу Ифань (0,5-0,5); Ковановэ Баирэ - Мкртчан Лилит (0-1); Конеру Хампи - Крамлинг Пиа (0,5-0,5); Бетул Юлдуз - Косинцевэ Татьянэ (0,5-0,5).

НЫБЭЖЬ Таисэ.

●Каратэ

КъБР-м и командэр.

Текlуахэр ди куэдщ

Кавказ Ищхьэрэ Федералыр щIыналъэм каратэмкIэ и зэхьэзэхуэ зIуха иджыблагъэ Налшык щыIэзэхэщ.

СПОРТСМЕНИ 140-рэ зыхэта эпеуэм Къэбэрдей-Балькъэрым и щIалэхэм екъуIэныгъэхэр щыIащ. Абыхэм япэ увыпIэу - 12, етIуанэу - 9, ещанэу - 6 зыIэрагъэхьащ.

Ди лъахэгъуэхэм ящыщу я хьэлъагъ ельытауэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэщ Зэшай Щамил, Бозий Астемыр, Къардэн Юрэ, Хульчаев Тамерлан, Iэтэ Исльам, Щынахьуэ Мурат, Сэбаншы Ахьмэд, Мэкъуауэ Алан, Уэсмэн Ренат, Iэпыч Хьэчим, Абрэдж Алим, Дмитриевэ Кристинэ сымэ.

Эпеуэм и каратист нэхъыфI дыдэу къалытащ Къардэн Юрэ. Саугъэт щхьэхуэкIэ я цIэ къраIуащ Къанкъуе Аланрэ Iэпыч Хьэчимрэ.

Гуп эпеуэм, дауи, пашэныгъэр щызыубыдар Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэрщ.

ХЬЭТАУ Исльам.

●Дзюдо

УнэшхуэлIым и дыжьын медаль

Мы махуэхэм Воронеж къалэм щекIуэкIащ Урысей Федерацэм Iэщщкlэ зэщIэуэзда и дзэхэм дзюдомкIэ я чемпионат. Абы хэтащ спортсмен 400-м щIигъу.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫРкилограмми 100-м нэмысхэм я гупым ди республикэм и щIыхьыр щихъумащ тренер цIэрыIуэу Емкъуэ Мухьэмэд и гъэсэн Унэшхуэпl Аслъэн. И зэIущIэ псоми щэч кьызыгуфIыгъ-хьэн текIуэныгъэ хэщIыкIыурэ, финалым нэса ди щIалэм зымащIэкIэ кьефIэкIащ Челябинск щыщ Махмадов Зафар.

Зэхьэзэхуэм дыжьын медалым фIэкIа кьыщыIалъымысами, дзюдомкIэ урысейпсо чемпионату Екатеринбург щекIуэкIэ-нум хэтыну Унэшхуэлым Iэмал кьыхуэкъуэкIащ.

ГЪУЩIЫПСЭ Ланэ.

Хъыбар гуэр фщIэмэ!

КъБР-м и хабзэхъумэ ІэнатІэхэм зэхагъэуващ 2010 гъэм накьыгъэм и 1-м Налшык къалэ республикэ щыIэжаныгъэ къыщыхьэр зэ Іэужьу зыхуагъэфащэхэм я сурэт. А щIэныхьаджагъэм щIыхь 30-м фбжь хахащ, зы хэкIуащ.

Республикэм и унафощIэхэм а терактыр кьыщIэтъыкIыжьыну текIуэ хьыбар кьызыбгъэжьыным сом мелуани 3 иритынущ.

ЩIэныхьаджагъэ плIэжьауэ зыхуагъэфащэхэм я теплъэр: ильэс 32-35-рэ ептынщ, и льагагьыр см 160 - 165-рэ, кьуэгъуащ, щхьэщ фIыщIэ баринзиц, и пIэм къэсу гъэкIауэ, см 5-7 и кIыхьаныгъэ жьакIэ пIащIэ тетщ, кьамылыфащ, бзлэбанэщ.

Щыгъар: болонь фIыщIэм кьыхэущыкIа курткэ кIэщI, плIэ щхьэуэу, гъэунщэдж фIыщIэ, пIы з зорыхьа щхьэуэу, и кIапэхэр шахматымкIэ экс-чемпионкэщ) кIуапIи жапIи иритакьым Бетул Юлдуз - 18 кIуэгъуэм ирихьэлIэу эндшпилым хуэкIуа «защита Филидора» Iэмалыр кьэзыгъэсэбэпа Чень и текIуэныгъэкIэ 33-нэ кIуэгъуэм ихащ. А махуэм текIуахэм ящыщу Крамлинг Пиарэ (Ковановэ Баирэ кьыфIнхьащ), Жао Кэюрэ (Даниелян Элинэ дэджэгуащ).

Ебланэ джэгугъуэм кьрикIуахэм урипльэжмэ, кьыхэгъэщIпхъэщ Косинцевэ Татьянэ турнирым и пашэныгъэр зэриимытыпщар (абы очкои 6 иIэщ), зы баллкIэ абы кьыкIэроху китаянкэ Хоу Ифань, ещанэ-еплIанэ увыпIэхэр зэдагъэщ Крамлинг Пиарэ Чэнь Жоурэ (очко плIыплIрэ ныкьуэ-ныкьуэрэ).

Дыгъуасэ, накьыгъэм и 4-м, зэрыдзэдзэжгъам кьрикIуахэм щыгъуаэ фыдоущI: Чень Жоу - Даниелян Элинэ (0,5-0,5); Баткуяг Монгонтуул - Жао Кэю (0-1); Дзагнидзе Нанэ - Хоу Ифань (0,5-0,5); Ковановэ Баирэ - Мкртчан Лилит (0-1); Конеру Хампи - Крамлинг Пиа (0,5-0,5); Бетул Юлдуз - Косинцевэ Татьянэ (0,5-0,5).

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Пашэныгъэм и Іэфlагъыр зыхащIэ


«Спартак-Налшыкыр» зэIущIэм хуэхьэзырыр.

Налшыкдзсхэр йобгъэрыкIуэ.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо» (Мэскуу) - 1:0 (0:0). Накьыгъэм и 1-м. Налшык. «Спартак» стадион. ЦIыху 9000 еплъащ.

Судьяр ПЕТТАЙ (Петрозаводск). Еровенкэ (Краснодар), Лебедев (Санкт-Петербург).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Филатов, Амисулашвили, Джудович, Киселенков, Гогуэ (Бикмаев, 76), Джатэрыв, Маляров, Щанцин (Леандру, 72), Дрэюн, Сирадзе (Васин, 90+2).

«Динамо»: Габулов, Гранат, Епуряну, Фернандес, Уилкшир, Чеснаускис (Комбаров К., 67), Ребко, Хохлов, Семшов (Смолов, 78), Самедов (Комбаров Д., 55), Кокорин.

Топыр дигъэкIащ: Малярровым, 66 (1:0).

Дагъуэ хуащIащ Кисенковым, Гогуэ, Уилкшир, Епуряну, Смоловым.

НАКЪЫГЪЭМ и япэ махуэм Налшык щыIэздзджэгуащ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щыIыгъ «Спартак-Налшыкымрэ» зи тренер нэхъыщхьэр яхьэуэжа Мэскуу и «Динамо»-мрэ.

Зэ1ущIэ налшыкдзсхэм нэхъ жьыдэру къыщIадзащ икIи апэ дакъикьэхэм щегъэжьауэ зэхэщIэхэм я льэныкьуэмкIэ джэгур ягъэIэпхъуат. Апхуэдизу, «Спартак-Налшыкым» и апэрей ебгъэрыкIуэныгъэхэм хэту Щанциным штрафройм кIэ кьыхита топым, ди щIалэхэм ящыщ зыри льэIэсакъым. Контратакэ закъуэтIакъуэ кьыхэзыгъэпэщыну хэт «Динамо»-м и мурадхэр щIэх дыдэу кьызэтекъуэтэрт икIи зэман кIыхькIэ я джэгукIэр яхуэзэтехуэжьыртэкъым.

ЕпщыкIутхуанэ дакъикьэм бжыгъэр кьызэIуахыну Iэмалыфl дыдэ кьахухьуэкIащ ди щIалэхэм. Мэзкуудзсхэм я гуащIэхьэхумэхэм кьапеекIуэжкIа Щаницыныр льэщу щIафIэр. «Динамо»-м и футболистхэм ящыщу налшыкдзсхэм я гъэм нэхьы-бэрэ къеекIуэлIащ Самедовыр, Уилкшир, Чеснаускис сымэ.

ЕтIуанэ Іыхьэр мэзкуудзсхэм ебгъэрыкIуэныгъэкIэ ирагъэжьащ. Джэгур зэрыщIадзэжу топыр кьызыIэрыхьа Семшовым Iэмалыфl дыдэ иIащ и командэр япэ иригъэщIыну, арщхьэкIэ апхуэдэ щытыкIэм хуэмыхьэзыра гъащIэхэхуэмэныкьуэр топым тэмэму техуакъым.

ХьэщIэхэм я жьыджэрагьым «Спартак-Налшыкым» жэуап псынщIэ иритыжащ. ГъащIэхэхуэмэхэм кьапеекIуэжкIыурэ гъэм пэгъунэгъу хуэхьуа Гогуэ лъэщу топым еуащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъуащи, зымащIэкIэ хуэзакъым. Дакъикьэ нэхъ дэмыкIауэ, Гогуэ и лъэщу топым кьыхутегущыIэжащ. Джэгур зэрыщIадзэжу топыр кьызыIэрыхьа Семшовым Iэмалыфl дыдэ иIащ и командэр япэ иригъэщIыну, арщхьэкIэ апхуэдэ щытыкIэм хуэмыхьэзыра гъащIэхэхуэмэныкьуэр гъэм тэмэму техуакъым.

ХьэщIэхэм я жьыджэрагьым «Спартак-Налшыкым» жэуап псынщIэ иритыжащ. ГъащIэхэхуэмэхэм кьапеекIуэжкIыурэ гъэм пэгъунэгъу хуэхьуа Гогуэ лъэщу топым еуащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъуащи, зымащIэкIэ хуэзакъым. Дакъикьэ нэхъ дэмыкIауэ, Гогуэ и лъэщу топым кьыхутегущыIэжащ. Джэгур зэрыщIадзэжу топыр кьызыIэрыхьа Семшовым Iэмалыфl дыдэ иIащ и командэр япэ иригъэщIыну, арщхьэкIэ апхуэдизу ехьэлIауэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъуащи, зымащIэкIэ хуэзакъым. Дакъикьэ нэхъ дэмыкIауэ, Гогуэ лъэщу топым кьыхутегущыIэжащ. Габуловым и пащхьэм кьихута гъащIэхэхуэмэныкьуэ щIалэщIэр футболист Іэзэхэм хуэдэу гъащIэхьэтетымрэ топымрэ лъэныкьуэ зэрызымкIэ «зэбгридзащ» икIи и командэр япэ иригъэщIащ - 1:0.

Стадионым кьекIуэлIа щIыху мин бжыгъэхэр зыдэщI хэгъэрейхэм я лъэр нэхъ жаныж кьэхъуат икIи хуиту джэгу хьуат, щIэхщIэхьуурэ я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъэм зэрекIуэлIэным хущIэкъут. «Динамо»-м кьыхуищIэкI Іэмалхэр и кIэм нигьыгъэсыфми, ди щIалэхэм яйр кьагъэсэбэпащ. «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкIуэныгъэм хэту топыр кьызыIэрыхьа Дрэюн ар Маляровым и лъэныкьуэмкIэ кьыхитащ. Габ